लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# किसान अउर बीज



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण
करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


एक दिन यीशु झील की किनारे उपदेश देत रहलन। बहुत से लोग
उनके सुने खातिर उहां एकट्ठा रहलें।

भीड़ बहुत बढ़त गइल।
अब यीशु का करिहन?




पास ही में एगो नाव के देख के, यीशु नाव पर चढ़ गइलन। अब यीशु लोगन के देख सकत रहलन अउर
उ लोग उनके देख सुन सकत रहलें।


यीशु दृष्टान्त के बतावल शुरू कइलन - साधारण चीजन की बारे में कहानी बतवलें, जेवन लोगन
के परमेश्वर की बारे में सिखावत रहल।

"एगो किसान अपनी खेत में बीज के बोवलस।" यीशु क ई कहानी चित्र की बजाय वचन रूपी तस्वीर की तरह रहल।




लोग किसान क काम कइला
जइसन तस्वीर क कल्पना कर सकत रहलें -
उ ए सब काम के कई बार देख
चुकल रहलें।

कुछ बिखरल बीज रास्ता
की किनारे गिरल। उफ़! चिड़ियाँ
उड़त उड़त जल्दी से नीचे उतरलीं
अउर सब दाना के खा गइली।





कुछ बीज पथरीली जमीन पर गिरल। उ जल्दी से पतील छोट पौधा बन गइल। पर सूरज क धूप ओ के जल्दी ही सुखा दिहलस काँहे से कि ओकर जड़ बढ़ियाँ से माटी में ना रहे।

अन्य बीज कांटन
की बीच उगल।
उ हो फलदायी
ना भइल।



काँटा ओ छोट पौधन के
चारों ओर से जकड़ लिहलस
अउर उन सबके
जरूरत क घाम
अउर बारिश से
बंचित कर
दिहलस।




अब बाकी बचल बीज बढ़ियाँ
जमीन पर गिरल। समय बीतला पर मरत
अनाज एगो स्वस्थ पौधा बन गोइल।
किसान बहुत खुश
भइल होईहन।

कहानी की अंत में, चेला लोग यीशु की लंगे अइलें। उ पूछलें, "आप दृष्टान्तन में काहें सिखावे लीं?"




यीशु कहलन जेवन लोग परमेश्वर से सच में प्यार करे लें उनके वास्तव में ई दृष्टान्त परमेश्वर की बारे
में अधिक ...

... समझला की खातिर मदद करी। पर जे परमेश्वर के पीयार ना करेला उ दृष्टान्तन के ना समझ सकेला।




यीशु दृष्टान्तन के समझवलन। उ कहलें कि बीज
परमेश्वर क वचन हअ।



पगडंडी पर गिरल बीज उनकी
सामान हअ जे सुनते हुवे भी
परमेश्वर की
वचन के ना
समझ
सके ला।


परमेश्वर जेवन कुछ बतवलें
हअ ओ सब के शैतान भुलवा देला।


कुछ लोग जल्दी से परमेश्वर की
वचन के ग्रहण करेलें। उ सब लोग पथरीली
भूमि पर गिरल बीज की
तरह हउवें।


लेकिन जइसे ही केहु भी उनकर मजाक उड़ावे ला या परमेश्वर से पीयार कइला की कारन उन की खातिर कठिनाई पैदा करे ला, तब अइसन एगो दुखद बात घटित होला।

ई उहे लोग हउवें जे शुरू में आनन्द से यीशु क अनुसरण करे लें पर उ अब परमेश्वर की वचन क पालन करल छोड़ देलें। उ लोग परमेश्वर की अनुसरण क कीमत चुकावल ना चाहे लें।



केतना दुख क बात हअ कि उ परमेश्वर के खुश कइला की बजाय अपनी साथिन के खुश करे लें।



दृष्टान्त में
कांटन क
मतलब सांसारिक
चिंता अउर पइसा
क लोभ की तरह
हअ जेवन कुछ
लोगन के जीवन
के जकड़ के
रखे ला।




उ अपनी जीवन
में अधिक
पइसा अउर दूसर
चीझन के पवला
की खातिर एतना
व्यस्त हो जालें
की परमेश्वर के
अपनी जीवन से
अलग कर
देलें।

लेकिन बढ़ियाँ जमीन पर गिरल बीज जेवन ढेर सारा फल ली आवेला उ परमेश्वर की वचनन की समान हअ जेवन दिलन में प्रवेश कर के लोगन की जीवन के बदल देला। अइसन लोग ही परमेश्वर क आदर अउर सेवा करे लें।



भीड़ उहाँ से जाईल ना चाहत रहे। बहुतेरे लोग परमेश्वर क अनुसरण करल अउर उनके खुश करल चाहत रहलें। यीशु क दृष्टान्त सबके

परमेश्वर के समझे अउर उनकर आज्ञा पालन में मदद करत रहे।



# किसान अउर बीज

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती 13

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब
जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर
हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल
सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर
आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह
रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16